## ЛъикIаб хIалтIуе - тIадегIанаб шапакъат



Дагъистаналъул БетIер Рамазан ГIабдулатIиповасул грантал щвана араб соналъул хIасилазда рекъон, анцI-анцI дагъистаниясе ва батIи-батIиял проектал гIумруялде рахъинаризе регионалиял идарабазе. Гьединаздаса цояб гранталъе мустахIикълъана нилъер ракьцояв МухIамадшапи ЖахIбаровас нухмалъи гьабулеб гочун гIи-боцIи хьихьулеб ракьалда бугеб лъай кьеялъул управление.

Щунусиялда анцIго гектаралда магIишат (мина, гIиязул бокьал, газгун артезианалъул скважинаби) буго Кочубеялда гьеб идараялъул. ХIисабалде босун буго исана нусиялда кIикъоялда анцIго чахъу босизе ва хадубккун гIи-боцIул къадар щунусгоялде бахинабизе. Гьеб буго, хIукуматалъул бюджеталда хьул лъечIого, школазда цере ругел интернатазул лъималазе тIадегIанаб даражадул кванил нигIматал чIезариялъе ва лъималазул сахлъи цIуниялъе гIоло гьабулеб хIалтIи.

Баркула МухIамадшапида тIадегIанаб шапакъат. Гьарула гьесие церечIарал масъалаби тIуразе щулияб сахлъи ва хIалтIулъ чIахIиял бергьенлъаби.

**АхIмад ТIагьиров**

---

**Инсан жиндир бакIалда**

## Гранталъул бетIергьан



2001 соналъ ТIинди росдал школаги лъугIизабун, ГIабдулхаликъ МуртазагIалиев цIализе лъугьана Дагъистаналъул педагогикияб университет. ЦIали лъугIаралдасан нахъе гьев хIалтIулев вуго гIагараб росдал школалда информатикаялъул мугIалимлъун.

ХIалтIул тIоцересел къоялдасан нахъе ГIабдулхаликъица живго вихьизавуна бажари бугев специалист хIисабалда. Школалда ва районалда тIоритIулел киналгIаги тадбиразулъ гьев ккола жигарав гIахьалчи ва кумекчи. ГIемер мустахIикълъана лъайгун тарбия кьеялъул рахъалъ районалъулгун республикаялъул даражабазул грамотабазегун дипломазе.

Ахирал соназ ГIабдулхаликъида тIадкъана школалъул гIуцIарухъанасул хъулухъги ва гьев тараладаса нахъе лъалаго хисанин ТIинди школалъул учительзабазул хIалтIиян абуниги мекъи ккеларо. Гьебги хIисабалде босун, 2016-2017 цIалул соналъ районалъул лъайкьеялъул управлениялъ гьев вихьизавуна Дагъистаналъул БетIерасул Гранталъе ва гьесие гьебги щвана.

МугIалим гуревги, гьев ккола цIалдохъабазул насихIатчи ва лъикIав спортсмен. Кидаго вихьула гьев лъималазда цадахъ спортивиял къецазда. Гьесул жидедехун бугеб бербалагьигун тIалабагъаз лъималазги ритIухъ гьабула лъикIал хIасилаздалъун.

Школалъул коллективалда, умумузул комитеталда ва цIалдохъабазда гьоркьоб лъикIаб къадру-къимат буго ГIабдулхаликъил.

ГIабдулхаликъида лъикI лъала компьютериял технологиял хIалтIизаризе ва гIемер кумек гьабула гьес пишацоязе гьеб рахъалъ, хасго рагьарал дарсал тIоритIулаго, проектал х1адуризе ва гь. ц..

Дагъаб цебе МахIачхъалаялда тIобитIараб ОБЖялъул рахъалъ республикаялъулаб олимпиадаялда ГIабдулхаликъил нухмалъиялда гьоркь 10 классалъул цIалдохъан МухIамад МухIамадовас ккуна тIоцебесеб бакI ва гьесие рес щвана Россиялъул олимпиадаялда гIахьаллъизе. Гьарула мугIалимасегун цIалдохъанасе Россиялъул цIалдохъабазда гьоркьоби бергьенлъи щвей.

Баркула ГIабдулхаликъида щвараб грантги.

**ПатIимат МуртазагIалиева,** лъайкьеялъул управлениялъул хIалтIухъан

**Конкурс**

# Авар мацI - миллаталъул бечелъи

**МацI билараб миллат молода лъола.**
**Малидул гIоркь ккезе чи хутIуларо.**
**Цогидаб кинабго гьадингояб жо.**
**Гьардарав, БетIергьан, цIуне авар мацI!**
**МухIамад АхIмадов**

ТIаде щолеб буго 21 февраль-Халкъазда гьоркьосеб рахьдал мацIазул къо. Гьелда хурхун, районалъул лъайкьеялъул управлениялъ тIоритIулел конкурсаздегун тадбиразде байбихьана.

Араб анкьалъ Агъвали школалда тIобитIана «Рахьдал мацIалъул бищун лъикIав мугIалим» абураб конкурсалъул муниципалияб этап. Арал сонаде дандеккун исана гьеб конкурсалъул география гIатIилъанин абизе бегьула.

Исана бищун лъикIазул кьерулъ конкурсалда гIахьаллъана Агъвали, ТIинди, ТIисси, Метрада, ТIадгъаквари, Эчеда, Къеди ва ГьигьалъгIурухъ росабазул школазул мугIалимзаби. Конкурсалъул кIиго къоялда жаниб мугIалимзабаз бихьизабуна жидерго профессионалияб махщел: гьаруна хIалтIул хIалбихьиялъул бицарал церерахъинал, къуна рагьарал дарсал ва гьаруна гьезул анализал.

Гьединго гьез загьир гьабуна жидер аслияб мурад магIарул ва рахьдал мацIал миллаталъул бечелъи букIин лъималазда бичIчIизаби. Жюриялъ гIахьалчагIазул хIалтIулъ рихьизарурал цIиял къагIидабазе ва жидерго хIалтIул хIалбихьиялъул бицун гьарурал кIалъаязегун мустахIикъаб къимат къуна.

Конкурсалъул хIасилал рачунаго, лъайкьеялъул управлениялъул хIалтIухъаби Зайнаб ГIабдусаламовалъ, Шагьрудин АхIмадовас ва Рукъигат ГIабдусаламовалъ бицана авар мацIалде рокьи бижизаби ва миллаталъе гьеб цIуни авар мацIалъул мугIалимасул хIалтIулъ аслияб иш кколеблъи.




Жюриялъ рахьдал мацIалъул бищун лъикIал мугIалимзабилъун рикIкIана Агъвали школалдаса ПатIимат Зиявдинова, Къедиса гIолохъанай муг1алим Загьрабика Исрапилова ва Эчеда школалдаса ХIайсанат Дибирова. Гьединго конкурсалда рецц-бакъалъе мустахIикълъана ТIиндиса Сабина МухIамадова ва ТIиссиса ПатIимат ГIаличуева, гьелги кIодо гьаруна грамотабаздалъун.

**Зулфия Сажидова**

---

## ЖамагIаталъулгун хIал рекъани, хIалтIи цебехун уна

1

Росдал бегавулас баркала загьир гьабуна лъим къабизе насос сайгъат гьабурав райбольницаялъул бетIерав тохтур Хейруланам Дибирасулаевасе ва кида кьваригIаниги ,кумекалъе ватулев, электрик МухIамадхIабиб Ибрагьимовасе. Хисун руго ГьигьихЪ токалъул басралъарал хIубал, кIиябго росулъе бачун буго газ.

Араб соналъ росдал администрациялъул бюджеталда бихьизабураб гIарац харж гьабизе рес рекъон гьечIо бюджеталъе бихьизабураб къадаралдаса лъабкъоялда анцIила микьазарго гьуруцщ щун гьечIолъиялъ. БакIалъулал налогазул план гIаммаб къагIидаялъ тIубан буго нусиялда анкьго проценталъ, гIадамазул харжалдаса бачIунеб налогалъул план тIубан гьечIо, план цIикIкIун кьун букIиналда бан. Жиндирго кIалъаялда МухIамад ГIалиевас рехсана росулъ гьарурал цогидали хIалтIаби, ва жамагIаталъул суалазе жавабалги къуна.

КIалъазе рахъарал ТIагьир Халидовас ва МухIамад ГIисаевас бихьизабуна росдал бегавул бажарун росдае нухмалъи гьабулеб букIин. Бицана гьев гIемер щолевлъи районалъул администрациялде росдал социалияб рахъ цебетIезабиялъул рахъалъ батIи-батIиял суалалгун.

-Ахирал соназ районалъул бюджет мукъсанаб букIиналда бан, росабалъ киналго шартIал чIезаризе кIолеб гьечIо, гьединлъидал, гIемерисел хIалтIаби гьаризе кколел руго халкъалъул кумекалдалъун, гваял тIоритIун, гьеб рахъалъ нужер росулъги хIалтIи лъикI гIуцIун буго,-ян абуна ТIагьир Халидовас.

КIалъазе рахъарал росдал гIадамаз рорхана рохьил магIишаталъул минаялдаса КIочIали аслияб шагьранухде щвезегIан хьил тIеялъул, гьебго бакIалдаса бехе бугеб лъел мухъ КIочIалиб аслияб мухъгун цолъизабиялъул, росдал администрациялъе хъулухъалъулаб мина баялъул, спортзалалъул хIалтIи рагIалде бахъинабиялъул ва цогидалги кIвар бугел суалал.

ЖамагIаталъ росдал администрациялъ араб соналъ гьабураб хIалтIи рикIкIана лъикIаблъун.

Ахиралда кIалъазе рахъарал росдал бегавул МухIамад ГIалиевас ва мажгиталъул имам ХIамзат Саидовас баркала загьир гьабуна росулъ гьарурал хIалтIабазулъ гIахьаллъаралъухъ росдал жамагIаталъе, божилъи загьир гьабуна хадубккунги росулъ тIоритIулел тадбиразулъ жамагIаталъул ва гIолохъабазул цадахъаб гьунки букIиналда. Гьединго баркала загьир гьабуна райадминистрациялъул вакилзабазе, данделъиялдеги рачIун, жидер гIузрабазухъ гIенеккаралъухъ.

**ГIубайдула Малачдибиров**

---

## Лъималазухъе раккизе щвана

Дагъаб цебегIан санаде рахинчIел лъималазул районалъул комиссиялъул председатель ХIалимат АхIмадовагун цадахъ КIванада росулъе закониял гурел яргьид гIуцIарал къокъабазда гьорлъ ругел ва рукIаразул санаде рахинчIел лъималазул рукIа-рахьин ва школалде хьвадиялъул хал гьабизе щвана гьебго комиссиялъул секретарь ГIабдусалам МухIамадов, къайимлъи гьабиялъул отделалъул специалист Халилула МухIамадов, халкъалъе социалияб хъулухъ гьабулеб районалъул централъул хIалтIухъан ПатIимат МуртазагIалиева ва районалъул жанисел ишазул отделалъул санаде рахинчIел лъималазул инспектор ПатIимат ХIажимухIамадова.

Районалдаса вакилзаби щвана КIванада росдал гьоркьохьеб школалде, гьаруна хIинкъи бугеб къокъаялъул санаде рахинчIел лъималазул цIалул ва хьвада-чIвадиялъул хIакъалъулъ муг1алимзабигун ва цIалдохъабигун гарачIвариял.

КIванада росулъ буго хIинкъи бугеб къокъаялъул ункъо хъизаналъул анцIила ункъо санаде бахинчIеб лъимер. Гьездаса кIиго ккола закониял гурел яргьид гIуцIарал къокъабазда гьорлъ рукIун, умумул чIварал, цо-туснахъ гьавурасул ва цохIинкъи бугеб къокъаялда гьорлъ вугесул хьизамал.

Комиссиялъул членаз гьелгун гьаруна гара-чIвариял, хал гьабуна гьезул гIумрудулгун рукIа-рахьиналъул шартIазул. Дандч1ваялъул ахиралда лъималазе, материалияб рахъалъ кумек хIисабалда, сайгъаталги къуна.

**ГIабдусалам МухIамадов**

**Имам Шамил гьавуралдаса 220 сон тIубаялде**

# «Шамил багьадурасе бана кинацаго гьа…»

## Кив вищарав Дагъистаналъул лъабабилев имам?

**Имам Шамилил бахIарчияб гIумруялъе сайгъат гьабураб бечедаб адабияталъухъ хал гьабураб мехалда, ракIалде ккола, хутIун бугодайин гьев инсанасул хIакъалъулъ жеги нилъеда лъалареб жойилан. Амма, балагьидал, ратулел руго гьединал хIужаби, гьезда гьоркьоб Шамил имамлъун вищараб бакIалъул суалги. Абиларо, гьеб суал борхичIого тун бугин Кавказалъул рагъазул, Шамилил хIакъалъулъ хъварал цо-цо тIахьаздаги гIелмиял цIех-рехаздаги. Буго, амма гьениб гьечIо гьелда тIасан чIванкьотIараб, мухIканаб, киналго авторазул пикру дандеккараб жаваб.**

**МухIканаб жаваб гьечIеб суал**

Шамил Дагъистаналъул лъабабилев имамлъун вищиялъул хIакъалъулъ хъвана XIX гIасруялъулги гьанже заманалъулги авторaз, масала, дагъистаниял Къарахъа МухIамад-ТIагьирица, Гьигьалъа ИманмухIамадица, Гъазигъумекиса ГIабдурахIманица, ЧIохъа ГIалихIажица, ГIабдурахIман Даниялова, М. ХIасангIалиевас, М.-Н. Ибрагьимовас, ХIажимурад Доногъоца, Ш. Гъазиевас, МухIамад ХIамзаевас, гIурусал М. Н. Чичаговалъ, В. В. Дегоевас ва цогидазги. Гьеб хIужа рехсон буго «Мюридизм ва Шамил» абураб жиндирго тIехьалда, 1859 соналда Петербургалда имамгун дандчIварав гIалимчи Мирза Казим-бегицаги.

Цо-цо авторaз (ЧIохъа ГIалихIажи, М. Н. Чичагова, М.-Н. Ибрагьимов, Ш. Гъазиев, М. ХIамзаев) Шамил имамлъун вищараб бакIлъун бихьизабулеб буго ГIашилтIа росу. Гьедин, М.-Н. Ибрагьимовас хъвалеб буго: «Хьиндаллъиялъул ва цогидаги росабалъа гIалимзабиги гIадамалги ракIарана 1834 соналъул 19 сентябралда (2 октябралда) ГIашилтIа росулъе, Дагъистаналъул лъабабилев имам вищизе. Халкъалъул 37 вакил данделъараб мажлис ахIана ГIашилтIа росдада аскIоб «ГъоркьокIкIалахъ» абулеб бакIалда - ян.

Гьеб кIвар бугеб тарихияб лъугьабахьин ГIакаро магIарда, «ГъоркьокIкIал» абулеб бакIалда кканилан хъвалеб буго Гъазигъумекиса ГIабдурахIманица, М. ХIасангIалиевас ва ХI.-М. Доногъоца.

Тарихияб хIакъикъатги гIелмуялъ ккураб нухги инкар гьабулаго, Шамилие имамасул цIар щвеялда тIасан жиндирго хасаб пикру загьир гьабун буго тарихчи В. В. Дегоевас: «Шамилие имамасул рухIияб цIар щвеялъул шартIал жеги рагIа-ракьанде щун баян гьарун гьечIо. Цо-цо асараз тасдикъ гьабулеб буго хIакъикъаталдаги гьес жинцаго жиндиего кьунин гьеб цIарилан ва жинцаго живго лъазавунин имамлъунги, цогияз бихьизабулеб буго гьев халкъалъ вищанилан... Гьеб рахъалъ Шамилил «инагурациялъул» букIанин абизе бегьула демократияб ва лигитимияб гуреб хасият», - ан.

**Гьигьалъа ИманмухIамадил хроника**

ТIадехун рехсараздаса батIияб пикру загьир гьабун буго Шамил имамлъун вищиялъул хIакъалъулъ Гьигьалъа ИманмухIамадил хроникаялдаги ХI.-ГI. Данияловасулги «Имам Шамил» абураб тIехьалдаги. Балагьараб мехалда, жеги басмаялде бахьилалдего, ХI.-ГI. Данииловасе рес щун букIун буго гьигьалъисесул квералъ хъвараб асаргун лъай-хъвай гьабизе. Гьединаб хIасилалде нилъ рачунел руго гьев кIиябго авторас хъвараб дандеккураб мехалда: хIакъикъаталдаги гьеб буго цого текст!



**Гьигьалъа ИманмухIамад**

Шамил имамлъун вищараб бакIалъул хIакъалъулъ хъварабщинаб жо цIалараб мехалда, бихьулеб буго Гьигьалъа ИманмухIамадил хроникаялда гIадин мухIканго, баянго, хIакъикъаталъе ритIухълъиги цIунун, гьев кIудияв инсанасулги, Дагъистаналъул ва Кавказалъул халкъазулги къисматалда жаниб жинца хасаб бакI ккураб тарихияб хIужаялъул хIакъалъулъ тIокIаб кибниги хъван гьечIеблъи. Цо рахъалъ гьелъие гIиллалъунги ккола живго ИманмухIамадги (1828-1918), гьесул эмен Къадиги, кIудияв эмен Къадиласул МухIамадги гъазаваталъул рагъазул жигарал гIахьалчагIилъунги гьезул нугIзаллъунги рукIараблъи. Гьедин, документалияб хIужалъун ккола, 1853 соналдаса байбихьун, имам Шамилица Гьигьалъа ИманмухIамад Бакълъухъги цогидал бакIаздаги наиблъун тIамун вукIараблъи.

Кинха бицунеб бугеб Гьигьалъа ИманмухIамадил хроникаялда Шамил Дагъистаналъул лъабабилев имамлъун вищиялъулги вищараб бакIалъулги хIакъалъулъ? Гьес хъвалеб буго: «Цинги дол чагIи ракIарана ЧIиркъатIе, Шамилида имамасул цIарги чIвана, амма гьесие гьа базе, битIун абуни, бажаричIо. Щайгурелъул, бицен гьабулеб бакIалда доб мехалда рукIинчIо гIалимзаби, ай жал гIелмабазул ралъдадда релълъаралилан абизе бегьулел. Хадур гьел чагIи ЧIиркъатIаса къватIире рахъана ва, жидедаго цеве Шамилги гьавун, рилълъана…»

**Харахьиб мажлис**

Ахир-къадги гьел рачIана Харахьире. Гьениб, мухIканго абуни, херехьдерил КIудияб мажгиталда, гIуцIана Шамилица мажлис. Гьениб гьев цевехъанас, жинда цадахъ Харахьире рачIарал гIалимзабаздаги, кIудиял гIадамаздаги ва цогидаздаги гьарана жиндие гьа байилан. Шамилие гьеб къваригIун букIана жиндирго имамлъи ритIухъаблъун, шаргIалъул тIалабазда дандекколеблъун букIине. Гьеб мехалда херехьдерил КIудияб мажгиталда рукIарал гIалимзабазда гьоркьоб лъугьана дагIба. Гьезул цояз абулеб букIана Шамилие гьа базе бегьулилан. Цогидаз инкар гьабулеб букIана. Щивав гIалимчияс жиндирго пикраби тасдикъ гьаризе гIоло рачунел рукIана къучIал далилал.

Гьеб кинабгоги бихьун, Шамилица ахирги абуна: «Ле, нилъер заманалъул гIалимзаби! Дида ккола нужер гьаркьал сабаблъун, гьаб ракIари гьаргьазе байбихьун бугин. Гьаб лъугьана цо хIасил ккоlареб, пайда гьечIеб жолъун. Гьединлъидал, нужги рази ратани, дие бокьилаан гьаниве Хъварщиса Загьалав ахIизе, нилъер заманалъул мужагьид, кIудияв гIалимчи. РачIа, гьесда тIадкъазин гьеб, жинда сверухъ дагIба ккараб суал, ва тIуранго гьесул хIукмуялдаги разилъизин нилъ!» - ан.

Харахьиб мажгиталде ракIарарал гIалимзаби разилъана Шамилица абуралда, ва гьеб мехалда гьес кагъат хъвана Хъварщиса Загьаласухъе. Гьевин абуни, жиндихъе кагъат щварабго, вачIана Харахьиве.

**Хъварщиса Загьалав**

Херехьдерил КIудияб мажгиталде ракIарарал гIадамазда Загьалас абуна: «Ле, гIалимзаби! Нужеца биччан буго гьалатI, гьаниб борхараб суалалъул кьолболъан жиб бачIунеб бугеб. Гьединлъидалин нужер чIор щвечIеб гIечуда. Нужеда гьоркьоб дагIба-къец ккеялъе гIилла буго, гьаниб бицунеб букIиналъ бусурбабаз кIудияв имамасе, ай халипасе, МухIамадил - Аллагьасул илчиясул хIалтIи билълъинабулесе балеб гьаялъул хIакъалъулъ. Нужеда бичIчIун гьечIо, кIудияв имамасул ихтияралда ругел къуватаздаса тIураб бусурбабазул цо бутIа, кинаб хIалалде кколебали. ХIажат ккани, гьел гIадамазухъе щоларелъул нилъеца Аллагьасул илчиясул халиплъун жив рикIкIунесул кумек, гьесул гIемерал аскараздалъунилан. Жиндие хасиятаб къагIидаялда велъанхъана гьев ва абуна: «Лъабго бусурманчи сапаралде вахъунев мехалда, БетIергьанас бихьизабун буго гьезул кIигояс лъабабилев жидер кIудиявлъун гьавизе»,- ян. Гьел рагIабиги абун, Загьалав вахъана, Аллагьасе рецц͏и гьабун, Шамилил квер босана ва хадуб БетIергьанасде хIузургун, гьесие жиндирго гьа бана».

Имам Шамилил гIумруялда, гьесул бахIарчияб хIаракаталда хурхарабщинаб жо, хIатта гIиси-бикьинал хIужабицин цIакъ къиматал, хириял руго нилъее, щайгурелъул, гьез камил гьабула гьесул инсанасулаб ва рагъулаб тарих, гьез бечед гьабула гьев гьайбатав инсанасул хIакъалъулъ нилъер лъай. Гьединлъидал Шамил Дагъистаналъул имамлъун вищиялъулги, гьев вищараб къо-моцIалъулги, бакIалъулги кIудияб кIвар букIараб МугIрузул улкаялъул хадусеб тарихалъе, гьелъул халкъазул къисматалъе. Къоло щуго соналъ гьесул нухмалъиялда гьоркь магIарулазги цогидал халкъазги кIудияб империялде данде гьарурал рагъаз дунялалдаго цебе тасдикъ гьабуна гьезул бахIарчилъи, рагъулаб гьунар, сундаго барахщичIого, ватIаналъе, диналъе ва эркенлъиялъе гIоло гьезда рагъизе кIолеблъи.

**АхIмад МуртазагIалиев**, «ХIакъикъат» газеталдаса босараб

## Профилактика гриппа

Грипп-тяжелая вирусная инфекция, которая регистрируется в основном в осенне-зимнее время года.

Самый распространенный путь передачи инфекции воздушно-капельный: при кашле, чихании, разговоре.

Грип обычно начинается с резкого повышения температуры 38-39 градусов и выше, слабости, головных, мышечных и суставных болей. Затем присоединяется кашель и насморк. Наиболее активная фаза приходится на 3-5 день заболевания, выздоровления - на 8-10 день.

Лучшей защитой от грипа является иммуннизация. Противовирусные вакцины безопасны для большей части людей и обладают высокой эффективностью с точки зрения профилактики гриппа и его осложнений.

Для профилактики заболевания гриппом и ОРВИ необходимо:

-избежать контакта с больными людьми, по возможности разместить больного члена семьи отдельно от других, выделить для больного отдельную посуду.

-при контактах больными людьми одевать маску, чаще мыть руки с мылом.

-не трогать грязными руками глаза, нос и рот.

Рекомендуется регулярно проветривать помещение и проводить влажную уборку. При посещении общественных мест закрывайте рот и нос маской. Необходимо вести здоровый образ жизни. Почаще и побольше употребляйте лук и чеснок. На ногах не надо переносить вирусное заболевание. Берегите себя и близких.

**Муслимат Магомедова**, врач-терапевт

## Сакъат -гIузру бугезе цIализе ресал

Нилъер хирияв аварагасул (с.гI.в.) хIадис буго Мисри-Шамалде унги г1елмулъай тIалаб гьабеян, ай киниялдасан бахьараб молода лъезегIан. Лъай ккола инсанасе гIумруялда жаниб чара гьечIого хIажатаб давла. Цо-цояз лъай тIалаб гьабула гьитIинго рукIадго, амма камуларо лъимал, чорхолъ сакъат-гIузру букIиналъ, кигIан цIализе гьира бугониги, школалде ун, лъай тIалаб гьабизе рес гьечIел.



Гьединал чагIаз щибха гьабилеб? Нилъер пачалихъалъ гьелги рехун тун гьечIо, компьютералда нахъа гIодовги чIун, цIализарулел руго дистанционнияб къагIидаялъ. Гьединал лъималазе хIукуматалъ цIали лъугIизегIан, чIобого кьола компьютер ва интернет-онлайн къагIидаялъ цIализарула.

Гьедин цIалулезул цояв ккола ЦIедакь росулъа щуабилеб классалъул цIалдохъан Абубакаров МухIамад. ЦIалулевги вуго дандияздаса нахъе хутIичIого, гьира-шавкъалда, лъикI.

МухIамадица ва гьесул эбел-инсуца кIудияб баркала загьир гьабулеб буго районалъул лъайкьеялъул управлениялъул ва республикаялъул лъайкьеялъул министервоялъул хIалтIухъабазе жидер гIажизав васасул цIалудехун бугеб гьира гIадада хвезе течIого, гьев цIализавизе ратарал ресалгун чIезарурал шартIазухъ.

**МухIамад Къасумов**

«Редакция газеты «ЦIумадисезул гьаракь» («Голос Цумады»)» Муниципальное унитарное предприятие, сокращенно МУП «РГГЦ»

БетIерав редактор МАЛАЧДИБИРОВ ГIУБАЙДУЛА САГIАДУЛАЕВИЧ

Жавабияй секретарь ХАДИЖАТ ЗАЛИМХАНОВА

ТЕЛЕФОНАЛ:
Редакторасул 2-52-44
Жавабияй секретаралъул 2-52-92

Редакциялъул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, ЦIумада район, Агъвали росу.

«ЦIУМАДИСЕЗУЛ ГЬАРАКЬ» газета гIуцIараб: «ЦIумада район» муниципалияб районалъул администрация

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере массовых коммуникаций, связи и охраны культурного наследия по Республике Дагестан. Свидетельство о регистрации ПИ №ФС 05-0005 от 20 августа 2008 г.

Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда

Газета къватIибе биччана РГЖТялъул типографиялда. Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Петр I-сул проспект, 61

Редакциялъул пикру кидаго гуро рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз.

Газеталъул индекс: бащдаб лъагIалие - 51377 лъагIалие - 63302 Тираж -2030 Заказ ---

Графикалда рекъон газета къватIибе биччазе гъулбасизе кколаан 17 с. 00 мин. ХIакъикъаталда гъулбасана 16 с. 45 мин.

Газеталъул электроннияб адрес: Golostsumady@mail.ru

## Гвай

# ЖамагIаталъул гъунки ва цолъи



6-8 февралалда, квачалъухъ балагъичIого, бетIералда росдал бегавул Асадулагь ИсмагIиловгун Хуштада росдал жамагIаталъ къачIана росулъ жанир ругел нухал. Гваялда гIахьаллъана кIикъоялда анцIгоялдасаги цIикIкIун гIолохъанчи. Лъабго къоялъ халатбахъараб гваялда, цо чи гIадин, газа-белгун хIалтIарал хуштадерица къачIана анлъго километралъул манзилалъ росулъ жанир ругел нухал. Гьеб лъабабго къоялъ жидерго техникагун нух къачIаялда тракторист МухIамад ГIабдулхIакъовгун хIалтIана районалъул ДЭП-40 нухазул идараялъул хIалтIухъаби Жамал Дибиров, Шагьру Валиев ва ГIабдулхIамид Сагитов. Нухал къачIазе ракь баччана «Дорстройсервис» ОООялъул камазистал ГIали МухIамадовас, Ражаб МухIамадовас ва Салман Мирзаевас.

Гьединал гваял хуштадерица кидаго тIоритIула росдал гIолохъабазул кIудияб гIахьаллъигун, гьелъ бихьизабулеб буго росдал бегавуласда сверухъ жамагIаталъул гъунки ва цолъи.

Росдал администрациялъул бетIер Асадулагь ИсмагIиловас баркала загьир гьабуна нухазда хIалтIарал гIолохъабазе ва трактораалъулгун машинабазул ва экскаваторазул рахъалъ кумек гьабураб районалъул нухазул участкаялъул ва «Дорстройсервис» ОООялъул нухмалъулезе.

Аллагьас кири кIодо гьабеги пайда бугеб хIалтIулъ гIахьаллъаразе.

**Аслудин ГIумаров,** райсобраниялъул депутат

## Эркенаб гугари




Дагьаб цебе Каспийск шагьаралда тIобитIараб эркенаб гугариялъул рахъалъ Дагъистаналъул чемпионаталда 86 кг цIайиялда Агъвалиса МухIамад Набиевасе щвана тIоцебесеб бакI.

Баркула МухIамадида бергьенлъи, гьарула щулияб сахлъи, талихI ва спортивияб икъбал.

**МухIамад Къасумов**

## Военный прокурор сообщает

В период с 22 по 28 февраля 2017 года в войсках в рамках месячника сплочения воинских коллективов и предупреждения нарушений уставных правил взаимоотношений между военнослужащими проводится неделя правовых знаний.

315 военной прокуратурой гарнизона во взаимодействии с командованием Пограничного управления ФСБ России по Республике Дагестан будет проводиться комплекс совместных предупредительно-профилактических мероприятий по адресам:

368301, г. Каспийск, ул. Пограничная, д. 1;
368600, г. Дербент, ул. 3. Космодемьянской, д.3;
368273, Хунзахский район, с. Арани.

**Военный прокурор гарнизона полковник юстиции А. Лучко**

**Районалъул газеталъ 80 сон тIубаялде газеталъул коллективалъул гьари буго цереккун райгазеталъул рукIарал редакторзабазул хIакъалъулъ гьезул лъималаз, гIагарлъиялъ ва лъале-хъвалез гьезул сураталгун цадахъ жидерго ракIалдещвеял редакциялде ритIеян.**

### Исполнение бюджета администрации сельского поселения «Село Тисси» за 2016 год

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | Назначено | Уточн. назнач. | Исполнение | % исполн. |
|---|---|---|---|---|---|
| | 2 | 3 | 4 | 5 | б |
| | Собственные доходы: | | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 45,0 | 45,0 | 13,4 | 29.8 |
| 2 | Земельный налог | 5,0 | 5,0 | 7,0 | 140,0 |
| 3 | Налог на имущества | 20,0 | 20,0 | 20,3 | 101,5 |
| 4 | Прочие невыясненные | | | 4,2 | |
| 5 | Сельхоз налог | 1,0 | 1,0 | | 0,0 |
| | Итого собственные доходы | 71,0 | 71,0 | 44,9 | 63,2 |
| | Трансферты | | | | |
| 1 | Объем дотаций | 1300,0 | 1300,0 | 1193,3 | 91,8 |
| 2 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | 2,8 | 2,8 | 2,8 | 100,0 |
| 3 | Субвен. ВУС | 70,0 | 70,0 | 70,0 | 100,0 |
| | Итого | 1372,8 | 1372,8 | 1266,1 | 92,2 |
| | Всего доходов | 1443,8 | 1443,8 | 1311,0 | 90,8 |
| | | | | | |
| | Расходы: | | | | |
| 1 | Аппарат | 918,0 | 918,0 | 774,0 | 84,3 |
| | в т.ч. зарплата | 690,0 | 634,7 | 580,4 | 91,4 |
| 2 | Резервный фонд | 20,0 | 20,0 | | 0,0 |
| 3 | ЗАГС | 2,8 | 2,8 | 2,8 | 100,0 |
| 4 | ВУС | 70,0 | 70,0 | 70,0 | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 40,0 | 41,1 | 41,1 | 100,0 |
| 5 | ЖКХ | 273,0 | 273,0 | 349,0 | 127,8 |
| 6 | Молодёжная политика | 10,0 | 10,0 | | 0,0 |
| 7 | Культура | 135,0 | 135,0 | 110,1 | 81,6 |
| | в т.ч. зарплата | 90,0 | 90,0 | 85,0 | 94,4 |
| 8 | ФК и спорт | 15,0 | 15,0 | 15,0 | 100,0 |
| | Всего расходов | 1443,8 | 1443,8 | 1320,9 | 91,5 |
| | в т.ч. зарплата | 820,0 | 765,8 | 706,5 | 92.3 |

### Показатели к бюджету администрации сельского поселения «Село Тисси» на 2017 год и плановый период 2018-2019 г.г.

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | сумма 2017 | 2018 | 2019 |
|---|---|---|---|---|
| | 2 | 3 | 4 | 5 |
| | Собственные доходы: | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 43,6 | 43,6 | 43,6 |
| 2 | Налог на имущества | 22,4 | 22,4 | 22,4 |
| 3 | Земельный налог | 5,4 | 5,4 | 5,4 |
| 4 | Сельхоз налог | 1,0 | 1,0 | 1,0 |
| | Итого собственные доходы | 72,4 | 72,4 | 72,4 |
| | Трансферты | | | |
| 1 | Объем дотаций | 1373,0 | 1200,0 | 1140,0 |
| 2 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | 2,8 | 2,8 | 2,8 |
| 3 | Субвен. ВУС | 65,0 | 65,0 | 65,0 |
| | Итого | 1440,8 | 1267,8 | 1207,8 |
| | Всего доходов | 1513,2 | 1340,2 | 1280,2 |
| | | | | |
| | Расходы: | | | |
| 1 | Аппарат | 820,0 | 812,0 | 812,0 |
| | в т.ч. зарплата | 496,0 | 496,0 | 496,0 |
| 2 | ЗАГС | 2,8 | 2,8 | 2,8 |
| 3 | ВУС | 65,0 | 65,0 | 65,0 |
| | в т.ч. зарплата | 46,0 | 46,0 | 46,0 |
| 4 | ЖКХ | 480,4 | 322,4 | 262,4 |
| 5 | Молодёжная политика | 5,0 | | |
| 6 | Культура | 125,0 | 123,0 | 123,0 |
| | в т.ч. зарплата | 92,0 | 92,0 | 92,0 |
| 7 | ФК и спорт | 15,0 | 15,0 | 15,0 |
| | Всего расходов | 1513,2 | 1340,2 | 1280,2 |
| | в т.ч. зарплата | 634,0 | 634,0 | 634,0 |

**Председатель сельского Собрания сельского поселения «Село Тисси» Я.Мамадибиров**

### Исполнение бюджета администрации сельского поселения «Сельсовет Тиндинский» за 2016 год

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | 2016 год (сумма) Назначено | Уточн. назнач. | Исполнение | % исполн. |
|---|---|---|---|---|---|
| | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| | Собственные доходы: | | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 67,0 | 67,0 | 42,6 | 63.6 |
| 2 | Земельный налог | 200,0 | 200,0 | 130,0 | 65,0 |
| 3 | Налог на имущества | 70,0 | 70,0 | 147,7 | 211,0 |
| | Прочие налоговые доходы | 70,0 | 70,0 | 70,0 | 100,0 |
| 4 | Сельхоз налог | 5,0 | 5,0 | 1,8 | 36,0 |
| | Итого собственные доходы | 412,0 | 412,0 | 392,1 | 95,2 |
| | Трансферты | | | | |
| 1 | Объем дотаций | 3720,0 | 3720,0 | 3583,0 | 96,3 |
| 2 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | 16,0 | 16,0 | 16,0 | 100,0 |
| 3 | Субвен. ВУС | 132,0 | 132,0 | 132,0 | 100,0 |
| | Итого | 3868,0 | 3868,0 | 3731,0 | 96,5 |
| | Всего доходов | 4280,0 | 4280,0 | 4123,1 | 96,3 |
| | Расходы: | | | | |
| 1 | Аппарат | 1448,0 | 1448,0 | 1539,4 | 106,3 |
| | в т.ч. зарплата | 950,0 | 950,0 | 909,0 | 95,7 |
| 2 | Резервный фонд | 50,0 | 50,0 | | 0,0 |
| 3 | ЗАГС | 16,0 | 16,0 | 16,0 | 100,0 |
| 4 | ВУС | 132,0 | 132,0 | 132,0 | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 74,5 | 74,5 | 82,2 | 110,3 |
| 5 | ЖКХ | 1437,0 | 1437,0 | 1720,4 | 119,7 |
| 6 | Молодёжная политика | 20,0 | 20,0 | 0,0 | 0,0 |
| 7 | Культура | 1147,0 | 1147,0 | 606,8 | 52,9 |
| | в т.ч. зарплата | 812,0 | 812,0 | 440,7 | 54.3 |
| 8 | ФК и спорт | 30,0 | 30,0 | 30,0 | 100,0 |
| | Всего расходов | 4280,0 | 4280,0 | 4044,6 | 94,5 |
| | в т.ч. зарплата | 1836,5 | 1836,5 | 1431,9 | 78,0 |

### Показатели к бюджету администрации сельского поселения «Сельсовет Тиндинский» на 2017 год и плановый период 2018-2019 г.г.

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | сумма 2017 | 2018 | 2019 |
|---|---|---|---|---|
| | 2 | 3 | 4 | 5 |
| | Собственные доходы: | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 64,9 | 64,9 | 64,9 |
| 2 | Земельный налог | 215,4 | 215,4 | 215,4 |
| 3 | Налог на имущества | 78,3 | 78,3 | 78,3 |
| | Прочие налоговые доходы | 11,6 | 11,6 | 11,6 |
| 4 | Сельхоз налог | 5,0 | 5,0 | 5,0 |
| | Итого собственные доходы | 375,2 | 375,2 | 375,2 |
| | Трансферты | | | |
| 1 | Объем дотаций | 3866,0 | 3378,0 | 3209,0 |
| 2 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | 16,0 | 16,0 | 16,0 |
| 3 | Субвен. ВУС | 129,0 | 129,0 | 129,0 |
| | Итого | 4011,0 | 3523,0 | 3354,0 |
| | Всего доходов | 4386,2 | 3898,2 | 3729,2 |
| | | | | |
| | Расходы: | | | |
| 1 | Аппарат | 1783,3 | 1543,3 | 1502,2 |
| | в т.ч. зарплата | 736,0 | 736,0 | 736,0 |
| 2 | ЗАГС | 16,0 | 16,0 | 16,0 |
| 3 | ВУС | 129,0 | 129,0 | 129,0 |
| | в т.ч. зарплата | 91,8 | 91,8 | 91,1 |
| 4 | ЖКХ | 1071,1 | 1577,9 | 1450,0 |
| 5 | Молодёжная политика | 20,0 | 20,0 | 20,0 |
| 6 | Культура | 1336,8 | 582,0 | 582,0 |
| | в т.ч. зарплата | 465,8 | 434,0 | 424,0 |
| 7 | ФК и спорт | 30,0 | 30,0 | 30,0 |
| | Всего расходов | 4386,2 | 3898,2 | 3729,2 |
| | в т.ч. зарплата | 1293,6 | 1261,8 | 1251,1 |

**Председатель сельского Собрания сельского поселения «Сельсовет Тиндинский» С.Магомедов**

### Исполнение бюджета администрации сельского поселения «Сельсовет Цумадинский» за 2016 год

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | 2014 год (сумма) Назначено | Уточн. назнач. | Исполнение | % исполн. |
|---|---|---|---|---|---|
| | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| | Собственные доходы: | | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 4,0 | 4,0 | 6,1 | 152,5 |
| 2 | Земельный налог | 25,0 | 25,0 | 20,8 | 83,2 |
| 3 | Налог на имущества | 18,0 | 18,0 | 22,9 | 127,2 |
| | Неналоговые доходы | 10,0 | 10,0 | 0,0 | 0,0 |
| 4 | Сельхоз налог | 2,0 | 2,0 | 1,5 | 75.0 |
| | Итого собственные доходы | 59,0 | 59,0 | 51,3 | 86,9 |
| | Трансферты | | | | |
| 1 | Объем дотаций | 1000,0 | 1000,0 | 878,0 | 87,8 |
| 2 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | 2,3 | 2,3 | 2,3 | 100,0 |
| 3 | Субвен. ВУС | 67,0 | 67,0 | 67,0 | 100,0 |
| | Итого | 1069,3 | 1069,3 | 947,3 | 88,6 |
| | Всего доходов | 1128,3 | 1128,3 | 998,6 | 88,5 |
| | | | | | |
| | Расходы: | | | | |
| 1 | Аппарат | 845,0 | 845,0 | 711,9 | 84,2 |
| | в т.ч. зарплата | 580,0 | 580,0 | 461,5 | 79,6 |
| 2 | ЗАГС | 2,3 | 2,3 | 2,3 | 100,0 |
| 3 | ВУС | 67,0 | 67,0 | 67,0 | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 37,3 | 37,3 | 40,9 | 109,7 |
| 4 | ЖКХ | 40,0 | 40,0 | 127,0 | 317,5 |
| 5 | Молодёжная политика | 5,0 | 5,0 | 0,0 | 0.0 |
| 6 | Культура | 164,0 | 164,0 | 160,3 | 97.7 |
| | в т.ч. зарплата | 121,7 | 121,7 | 125,4 | 103,0 |
| 7 | ФК и спорт | 5,0 | 5,0 | 5,0 | 100,0 |
| | Всею расходов | 1128,3 | 1128,3 | 1073,5 | 95,1 |
| | в т.ч. зарплата | 739,0 | 739,0 | 627,8 | 85,0 |

### Показатели к бюджету администрации сельского поселения «Сельсовет Цумадинский» на 2017 год и плановый период 2018-2019 г.г.

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | сумма 2017 | 2018 | 2019 |
|---|---|---|---|---|
| | 2 | 3 | 4 | 5 |
| | Собственные доходы: | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 3,9 | 3,9 | 3,9 |
| 2 | Налог на имущества | 20,1 | 20,1 | 20,1 |
| 3 | Земельный налог | 26,9 | 26,9 | 26,9 |
| 4 | Сельхоз налог | 2,0 | 2,0 | 2,0 |
| 5 | Прочие налоговые доходы | 1,7 | 1,7 | 1,7 |
| | Итого собственные доходы | 54,6 | 54,6 | 54,6 |
| | Трансферты | | | |
| 1 | Объем дотаций | 1100,0 | 961,0 | 913,0 |
| 2 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | 2,3 | 2,3 | 2,3 |
| 3 | Субвен. ВУС | 65,0 | 65,0 | 65,0 |
| | Итого | 1167,3 | 1028,3 | 980,3 |
| | Всего доходов | 1221,9 | 1082,9 | 1034,9 |
| | Расходы: | | | |
| 1 | Аппарат | 766,1 | 766,7 | 766,7 |
| | в т.ч. зарплата | 502,0 | 489,6 | 489,6 |
| 2 | ЗАГС | 2,3 | 2,3 | 2,3 |
| 3 | ВУС | 65,0 | 65,0 | 65,0 |
| | в т.ч. зарплата | 45,9 | 45,9 | 45,9 |
| 4 | ЖКХ | 188,4 | 187,8 | 187,8 |
| 5 | Молодёжная политика | 5,0 | 5,0 | 5,0 |
| 6 | Культура | 185,1 | 185,0 | 185,0 |
| | в т.ч. зарплата | 137,6 | 137,6 | 137,6 |
| 7 | ФК и спорт | 10,0 | 10,0 | 10,0 |
| | Всего расходов | 1221,9 | 1221,8 | 1221,8 |
| | в т.ч. зарплата | 685,5 | 673,1 | 673,1 |

**Председатель сельского Собрания сельского поселения «Сельсовет Цумадинский» Ш.Гасанов**

### Исполнение бюджета администрации сельского поселения «Село Саситли» за 2016 год

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | 2016 г назначено | уточненые | исполнение | % исполнения |
|---|---|---|---|---|---|
| | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| | Собственные доходы: | | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 14,0 | 14,0 | 13,3 | 95,0 |
| | Налог на имущество | 15,0 | 15,0 | 15,0 | 100,0 |
| 3 | Земельный налог | 50,0 | 50,0 | 61,0 | 122,0 |
| 4 | Сельхоз налог | 1,0 | 1,0 | 0,4 | 40,0 |
| 5 | Прочие неналоговые доходы | 15,0 | 15,0 | | 0,0 |
| | Итого собственные доходы | 95 | 95,0 | 89,7 | 94,4 |
| | Трансферты | | | | |
| 1 | Объем дотаций | 900,0 | 900,0 | 846,0 | 94,0 |
| 2 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | 1,5 | 1,5 | 1,5 | 100,0 |
| 3 | Субвен. ВУС | 67,0 | 67,0 | 67,0 | 100,0 |
| | Итого | 968,5 | 968,5 | 914,5 | 94,4 |
| | Всего доходов | 1063,5 | 1063,5 | 1004,2 | 94,4 |
| | | | | | |
| | Расходы: | | | | |
| 1 | Аппарат | 745,0 | 745,0 | 799,7 | 107,3 |
| | в т.ч. зарплата | 738,6 | 738,6 | 705,8 | **95,6** |
| 2 | ЗАГС | 1,5 | 1,5 | 1,5 | 100,0 |
| 3 | ВУС | 67,0 | 67,0 | 67,0 | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 63,8 | 63,8 | 67,0 | **105,0** |
| 4 | ЖКХ | 111,0 | 111,0 | 12,1 | 10,9 |
| 5 | Культура | 134,0 | 134,0 | 129,2 | 96,4 |
| | в т.ч. зарплата | 131,1 | 131,1 | 129,2 | **98,6** |
| | | | | | |
| 6 | ФК и спорт | 5,0 | 5,0 | | 0,0 |
| | Всего расходов | 1063,5 | 1063,5 | 1009,5 | 94,9 |
| | в т.ч. зарплата | 933,5 | 933,5 | 902,0 | **96,6** |

### Показатели к бюджету администрации сельского поселения «Село Саситли» на 2017 год и плановый период 2018-2019 г.г.

(тыс. руб.)

| № | Наименование показателей | сумма 2017 | 2018 | 2019 |
|---|---|---|---|---|
| | 2 | 3 | 4 | 5 |
| | **Собственные доходы:** | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 13,6 | 13,6 | 13,6 |
| 2 | Налог на имущества | 16,8 | 16,8 | 16,8 |
| 3 | Земельный налог | 53,8 | 53,8 | 53,8 |
| 4 | Сельхоз налог | 1,0 | 1,0 | 1,0 |
| | Прочие неналоговые доходы | 2,5 | 2,5 | 2,5 |
| | **Итого собственные доходы** | **87,7** | **87,7** | **87,7** |
| | **Трансферты** | | | |
| 1 | Объем дотаций | 916,0 | 800,0 | 760,0 |
| 2 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | 1,5 | 1,5 | 1,5 |
| 3 | Субвен. ВУС | 65,0 | 65,0 | 65,0 |
| | **Итого** | **982,5** | **866,5** | **826,5** |
| | **Всего доходов** | **1070,2** | **954,2** | **914,2** |
| | | | | |
| | **Расходы:** | | | |
| 1 | **Аппарат** | **754,0** | **746,0** | **746,0** |
| | в т.ч. зарплата | 636,0 | 598,0 | 598,0 |
| 2 | **ЗАГС** | **1,5** | **1,5** | **1,5** |
| 3 | **ВУС** | **65,0** | **65,0** | **65,0** |
| | в т.ч. зарплата | 59,8 | 59,8 | 59,8 |
| 4 | **ЖКХ** | **119,9** | **88,0** | **88,0** |
| 5 | **Культура** | **119,8** | **119,8** | **119,8** |
| | в т.ч. зарплата | 119,8 | 119,8 | 119,8 |
| 6 | **ФК и спорт** | **10,0** | **50,0** | **50,0** |
| | **Всего расходов** | **1070,2** | **1070,3** | |
| | в т.ч. зарплата | 815,6 | 777,6 | 777,6 |

**Председатель сельского Собрания сельского поселения «Село Саситли» З.Набигулаев**